



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

ICYMI (NAN KA KE OU TE RATE LI): EDITORYAL GOUVÈNÈ CUOMO NAN JOURNAL DAILY NEWS: KWAZAD MARTIN LUTHER KING LAN POU JISTIS LA LI POKO FINI PLISKE NEW YORK TOUJOU BEZWEN REFÒM JISTIS KRIMINÈL

Yèswa, journal New York Daily News te pibliye yon editorial ki te ekri pa Gouvènè Andrew M. Cuomo pou onore sèvis Rev. Martin Luther King Jr. epi pou mete aksan sou plan konpreyansif Gouvènè a pou fè refòm sistèm jistis kriminèl la nan New York. Tèks editorial sa disponib anba a, epi ou kapab wè li sou entènèt [isit la](#). W'ap jwenn plis enfòmasyon sou pwogram "Pwomès New York" ("New York Promise") Gouvènè a ki disponib [isit la](#).

Kwazad Martin Luther King lan pou jistis la li poko fini pliske New York toujou bezwen refòm jistis kriminèl

Wikenn sa, nou selebre lavi Rev. Martin Luther King Jr. An depi de tout bagay, kwazad King lan te konsènan jistis — jistis rasyal, ekonomik ak sosyal. Pandan ke nou te fè pwogrè imans, verite a se ke kwazad pou jistis lan poko fini. Nou toujou gen yon sistèm jidisyè ke yo sipoze ki avèg, men ki twò souvan jwenn balans jistis yo ki afekte pa resous oswa ras yo.

Nan mwa ki ap vini yo nan Albany, kòm yon pati nan pwogram "Pwomès New York" lan, mwen pral pwopoze pou Kò Lejislatif la adopte refòm enpòtan yo ki pral abouti a yon sistèm jistis kriminèl ki pi jis ke jan li ye jodi a. Nan pwòp pawòl King, "Enjistis nenpòt kote se yon menas pou jistis tout kote." Genyen aksyon konkrè ke nou kapab poze isit la nan New York.

An premye, nou dwe pote chanjman nan règ nou yo konsènan kosyon yo. Anba lwa aktyèl la, yo bay kosyon sèlman si yon akize kapab jwenn yon kantite lajan ki sifizan pou kapab garanti retou li pou sibi jijman. Sa se yon sistèm ki te andomaje an pwofondè ki asimile dwa ak libète ak gen lajan. Akizasyon kosyon yo se yonn nan premye evènman ke akize yo rankontre nan yon tribinal, epi moun ki pòv yo deja dezavantaje.

Jounen jodi a, nou genyen moun, majorite gason nwa ak latino yo, ke yo te akize pou krim, ki souvan pa krim vyolan, ki chita nan prizon tankou Rikers Island paske yo pa gen

ase kòb pou peye kosyon. Yo konn rete pandan dè semèn, dè mwa, e menm dè ane, ak lavi yo ak fanmi yo ki detwi, tout sa akòz ke yo pa gen mwayen finansye pou kapab peye kosyon.

Yo kapab sispekte yo de yon krim, men nan sistèn nou an, yo prezime yon moun inosan jiskaske yo te kondane li. Anprizònman moun ki potansyèlman inosan yo pandan dè mwa oswa dè ane, sa pa jistis.

Nou pwopoze pou pèmèt jij yo nan odyans kosyon yo pou yo konsidere si wi ou non yon akize poze yon risk pou kominote a. New York se yonn nan kat sèl eta yo ki pa gen opsyon sa, epi chanjman an pral pèmèt sila yo ki pa poze yon danje pou yo rete nan travay epi rete ak fanmi yo jiskaske yo rele yo nan jijman.

Sa ki se yon lòt pati nan pwosesis la ki trennen twòp. Sizyèm Amandman Konstitisyon an di klèman, “Nan tout pwosesis kriminel yo, akize a ta dwe pwofite de dwa pou gen yon jijman ki akselere.”

“Akselere” se evidamman yon mo ki fleksib, men asireman li pa ka vle di mwa oswa ane — espesyalman lè yo ap kenbe moun ki inosan nan prizon. Wi, tribinal nou yo sichaje, epi gen kèk reta ki pa evitab. Men sa se yon sitiyasyon ki enjis — ki ap andomaje, menase lavi, epi, an plis de tout lòt bagay, li koute chè; li koute \$60,000 pa ane pou anprizone yon moun.

Mwen ap fè vanse pwopozè lwa pou redwi reta ki pa nesesè yo ak sispansyon nan pwosedi tribinal yo, pandan l’ap ekzije ke moun ki enkasere yo — pa sèlman avoka yo — konsanti a yon abandon jijman akselere ki kapab apwouve tou pa yon jij. Se verite pou moun ki sispèk yo menm jan ak viktim yo: Jistis ki retade se jistis ki refize.

Nou ap pwopoze tou etap senp sans komen yo ki pral pwoteje entegrite ankèt yo.

An premye, lapolis ta dwe anrejistre sou video entèwogasyon moun ki sispèk yo pou enfrazyon ki grav yo. Fason sa, nenpòt konfli sou sa ki te di oswa ki te fèt yo kapab rezoud fasilman.

An dezyèm, lapolis ta dwe ajiste fason ke yo kondwi idantifikasyon gwoup moun yo. Ofisye ki ap reyalize ankèt la pa ta dwe menm ofisye ki ap akonpaye yon viktim krim nan gwoup moun ki sispèk yo. Genyen yon sispisyon ke ofisye ki ap mennen ankèt yo pafwa endike bay yon temwen ki manm ki nan gwoup moun lan ki anba sispisyon. Menm si li rive yon sèl fwa, li rive twò souvan. Nou kapab elimine tout kesyon yo ak yon senp ajisteman. Ak entegrite ki asire, pwosetik yo kapab itilize idantifikasyon sa yo nan jijman an, kote yo aktyèlman entèdi.

Finalman, nou dwe ogmante laj lè nou ap pwoskite yon moun kòm yon granmoun. New York rete kòm youn nan sèlman de eta nan peyi a ki jije tout jèn ki nan laj 16 ak 17 an yo nan sistèm jistis penal adilt la, kèlkeswa ofans lan. Sa se yon club eskizif ke New York pa ta dwe fè pati de li. Mwen te poze aksyon ekzekitif pou kapab retire moun ki

gen laj 16 ak 17 ane yo pou soti nan prizon granmoun yo, epi mete yo nan etablisman ki apwopriye ak laj yo, men nou bezwen pou Kò Lejislatif la adopte ogmantasyon laj la yon fwa pou tout.

Menm jan King te anseye nou, “Lalwa ak lòd ekziste pou objektif pou etabli jistis, epi lè yo pa akonpli objektif sa, yo vin tounen baraj estriktire ki danjere epi ki bloke kouran pwogrè sosyal la.” Nou te idantifye blokaj sa yo nan sistèm nou an; pi bonè nou retire yo, se pi bon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418